# “КИТАП КӘРЎАНЫ” ЖОЛҒА ШЫҚТЫ

**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының қарары тийкарында улыўма орта билим бериў мектеплерининң китапхана фондларын әдебий китаплар менен тәмийинлеў мақсетинде оларға қаржы ажыратыў белгиленген еди.**

Қарарға муўапық, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәмде қала районлардағы мәлимлеме ресурс орайларының китапхана фонды ушын бир ярым миллиардқа жақын қаржы ажыратылып, 55 мың дана қарақалпақ тилиндеги китаплар баспадан шығарылды, 26 мың данадан зыят өзбек тилиндеги әдебий китаплар сатып алынды.



Усы жылдың 7-сентябрь күни пайтахтымыздан әдебий китаплар жүкленген китап кәрўанлары өз мәнзиллерине қарай жол алды.

Усы мүнәсибет пенен өткерилген илажда  Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң комитет баслығы Д.Қурбаниязов,

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри Р.Реимов сөзге шығып, елимизде Президентимиз тәрепинен жас әўладтың ҳәр тәреплеме кәмил инсанлар болып жетилисиўин тәмийинлеў, олар арасында китапқумарлықты үгит-нәсиятлаўға айрықша итибар қаратылып атырғанлығын атап өтти.



Бул бағдарда Президентимиз тәрепинен бир қатар қарар ҳәм пәрманлардың қабыл етилгенилиги, мәмлекетимизде кеңнен ен жайып атырған 5 әҳмийетли басламаның бири — китапқумарлықты раўажландырыў бойынша бир қатар жумыслардың әмелге асырылып атырғанлығы, китапқумарлықты үгит-нәсиятлаў мақсетинде китап ярмаркалары, таңлаўлар турақлы түрде шөлкемлестирилип атырғанлығы үлкен әҳмийетке ийе болмақта.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының "Улыўма орта билим бериў мектеплерини китапхана фондларын әдебий китаплар менен тәмийинлеў мақсетинде оларға қаржы ажыратыў илажлары ҳаққында"ғы қарарының қабыл етилиўи де мине усындай ийгиликли мақсетлерге хызмет етеди.




Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң баспасөз хызмети